



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL POU OPTIMUM AK MSG: ASE SE ASE! SISPANN REFIZE FANATIK ESPÒ YO JWENN AKSÈ A PWOGRAMASYON EPI TOUNEN NAN TAB NEGOSYASYON**

*Litij ki dire lontan ant Optimum Cable ak MSG Network te kite plizyè milye fanatik espò Nouyòk san yon fason pou yo gade jwèt Knicks, Rangers oswa Islanders*

*Gouvènè a mande Depatman Sèvis Piblik pou egzije responsablite: Tounen ak pwogramasyon yo imedyatman oswa ranbouse konsomatè yo*

*Depatman Sèvis Piblik [voje lèt bay Altice](#), konpayi responsab Optimum, ki mande pwoteksyon konsomatè adisyonèl*

Gouvènè Kathy Hochul te mande Altice ak MSG jodi a pou yo regle litij depi lontan yo a epi retabli pwogram baskètbòl ak hockey ki te bloke pou konsomatè Nouyòk yo depi plis pase yon mwa. Pandan pifò Nouyòkè yo t ap prepare pou Super Bowl la, Gouvènè Hochul te konsantre sou fanatik baskètbòl ak hockey yo epi li te mande Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la pou defann konsomatè yo.

"Nouyòkè yo se fanatik espò ki fyè, epi bloke fanatik Knicks, Rangers ak Islanders pou yo pa gade pwogram yo peye pou yo gade se tou senpleman yon bagay inadmisib," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Refize fanatik yo aksè nan espò an dirèk akòz yon litij ridikil ant Optimum ak MSG enjis pou Nouyòkè yo epi pasyans nou ekspire. Sa te dire ase lontan — li lè pou tou de pati yo retounen sou tab negosyasyon yo epi rezoud sa pou byen Nouyòkè yo. Ase se ase!"

Gouvènè Hochul mande konpayi yo pou yo rezoud konfli sa a pi vit posib. Pandan negosyasyon kontra yo ap kontinye, plis kliyan ap vin okouran de entèripsyon sèten pwogramasyon epi ap poze tèt yo kesyon sou opsyon ak ranbousman yo. Direktiv Gouvènè a bay Depatman Sèvis Piblik (DPS) se pou mande pou yo bay tout kliyan yo swa lòt mwayen pou wè jwèt espò Nouyòk ki afekte yo oswa pou ba yo yon ranbousman pwopòsyonèl. Jodi a DPS te voje yon lèt bay Altice, konpayi responsab Optimum, nan kad efò yo fè pou kenbe konpayi an responsab pou pwoteje kliyan yo ki te afekte akòz entèripsyon nan pwogram MSG a.

Pou nou kenbe Optimum kòm responsab, [DPS egzije yon repons pou lèt la](#) nan senk jou ki detaye etap espesifik konpayi an pral pran pou asire kliyan yo san danje pandan litij la. Si Altice pa bay yon plan ki satisfèzan, DPS pral kòmanse odyans piblik kote konpayi an pral oblije eksplike piblikman kijan l ap pwoteje kliyan ki afekte yo nan kad revizyon k ap kontinye ke Depatman an ap fè sou zafè a.

**Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la ak Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap bay lapawòl a plizyè milyon fanatik espò nan Nouyòk ki fristre paske yo pa ka gade tout chèn a kab yo, epi ki gen dwa pou yo jwenn ranbousman pou sèvis yo pa kapab jwenn aksè ak yo oswa pou ba yo altènativ ki koute menm bagay. Depatman Sèvis Piblik la pral travay avèk dilijans pou asire konpayi a kab yo pwoteje kliyan yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)